

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan


Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta metode PTK (Panalungtikan Tindakan Kelas). Métode tindakan kelas nya éta metode anu tujuanana meunangkeun hal atawa pamarekan anyar pikeun ngaréngsékeun masalah anu sifatna serius sarta *continue* nepika sasaran bisa ngaréngsékeun masalahna.

Panalungtikan Tindakan Kelas magrupa panalungtikan anu dilakukeun ku guru dina nalika diajar. Ieu panalungtikan dalaksanakeun ku lantaran ayana masalah tur *refleksi diri* panalungtik sanggeus ningali hasil diajar siswa. Ayana PTK ku lantaran aya masalah nu kudu diréngsékeun dina hiji pangajaran. Sanajan kitu, bakal leuwih hadé PTK dibarung ku téhnik-téhnik atawa métode pangajaran anu mémang cocok pikeun hiji pangajaran.

Dina prak-prakanana PTK miboga siklus atawa léngkah-léngkah pikeun ngalaksanakeunana. Ieu siklus baris tuluy dilaksanakeun nepi ka ngahontal tujuan anu geus ditetepkeun. Ku kituna saluyu jeung salasahiji tujuan PTK nya éta pikeun ningkatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar siswa (Sanjaya, 2009:33), baris dipaké desain PTK anu nyoko kana pamadegan Hopkins.

Dina <http://tjiptosubadi.blogspot.com/2010/04/lesson-study-sebagai-model-pembinaan.html>, Elliot (Hopkins, 1993; McNiff, 1992) PTK dilaksanakeunna ti siklus ka siklus, (a) dimimitian ku gagasan awal, (b) maluruh fakta sarta nganalisis, (c) nyusun perencanaan umum nu ngawengku sababaraha tahapan

tindakan, (d) ngalaksanakeun tindakan tahap ka hiji, (e) nengetan tindakan tahap ka hiji sarta ningali éfékna, (f) ngalakukeun monitoring pikeun néangan kagagalan atawa kasalahan tindakan katut éfékna, sedengkeun siklus nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta modél Elliot, modifikasi (Hopkins, 1993:49).



Gambar 1. Modél Penelitian Tindakan dengan Modifikasi (Hopkins, 1993:49)

Desain dina ieu panalungtikan ngawéngku 2 siklus. Dina satiap siklus ngawengku tahap 1) ngararancang, 2) pelaksanaan, 3) observasi, jeung réfléksi

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun tilu cara, nya éta observasi, wawancara, jeung tés.

- 1) Observasi nya éta miboga tujuan pikeun ninggali kamampuh siswa jeung guru dina ngalaksanakeun kagiatan PTK di kelas, ti mimiti kagiatan diajar nepi ka réngsé.
- 2) Tés nya éta alat pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngalaksanakeun atawa ngaréngsékeun pancén ti guru ngrunaan matéri anu diajarkeun.
- 3) Dokuméntasi nya éta miboga tujuan pikeun ngumpulkeun data tina hasil panalungtikan. Boh mangrupa data tinulis atawa gambar.

3.3 Rencana Panalungtikan

Rencana panalungtikan nya éta naon-naon nu baris disiapkeun pikeun lumangsungna panalungtikan nu dilaksanakeun.

3.3.1 Tempat Panalungtikan

Lokasi tempat panyusun ngalaksanakeun panalungtikan nya éta di SMA Pasundan 1 Bandung.

3.3.2 Subjék Panalungtikan

Subjek dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011.

3.3.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun tilu kali lawungan, diantarana pra panalungtikan, panalungtikan siklus ka-1, jeung panalungtikan siklus ka-2.

Tabél 3.1
Jadwa Panalungtikan

No	Waktu Panalungtikan	Keterangan
1	Kemis, 13 Januari 2011	Pra Panalungtikan
2	Kemis. 20 Januari 2011	Panalungtikan siklus ka-1
3	Kemis, 27 Januari 2011	Panalungtikan Siklus ka-2

3.4 Wangenan Operasiaonal

Aya sababaraha istilah anu perlu dijéntrékeun tina ieu panalungtikan nya éta,

- 1) Téhnik Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya jawab lisan. Atawa disebut ogé téhnik pikeun ngahontal tujuan kalayan hadé tur meunangkeun informasi anu dibutuhkeun siswa nalika ngawawancara babaturanana pikeun ditulis jadi biografi. Téhnik wawancara ieu dipaké pikeun ngagampangkeun siswa dina maluruh informasi anu dibutuhkeunana.
- 2) Kamampuh Nulis Biografi nya éta poténsi pikeun ngawasa kaparigelan nulis anu diwujudkeun kana hiji tulisan nu mangrupa biografi. Anu bisa disebut ogé hasil tina pangabisa siswa ngotrétkeun tulisan dina wangun biografi.
- 3) Panalungtikan Tindakan Kelas nya éta hiji panalungtikan anu dilakukeun di jero rohangan kelas, anu dipaké ku guru pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis biografi

Jadi maksud tina judul ‘Téhnik Wawancara pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Biografi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA PASUNDAN 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011) téh nya éta pikeun ningkatkeun

poténsi siswa dina ngalaksanakeun panggajaran nulis biografi ku cara ngalarapkeun ttéhnik wawancara.

3.5 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, panalungtik maké métode PTK, hal ieu luyu jeung pamendak Orturn Zuber-Skerritt (Syamsuddin jeung Vismaia, 2009:248) nétélakeun yén métode panalungtikan anu cocok pikeun ngembangkeun widang pendidikan nya éta panalungtikan tindakan. Anapon PTK nya éta panalungtikan nu dilakukeun ku guru di kelasna ku cara ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngarefleksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisipatip nu tujuanana sangkan ngabebenah kinerjana salaku guru sangkan hasil diajar siswa bisa ningkat.

3.5.1 Tahap Ngararancang

Tahap ngararancang ieu ngawéngku:

- 1) netepkeun jumlah siklus, nya éta dua siklus;
- 2) netepkeun sumber data panalungtikan nu baris digunakeun salaku kelas panalungtikan, nya éta kelas X B SMA Pasundan 1 Bandung;
- 3) netepkeun métode nu baris digunakeun dina panggajaran nulis biografi;
- 4) panalungtik nganalisis Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD);
- 5) nyusun RPP, ngawéngku: indikator, tujuan panggajaran, skenario panggajaran, alokasi waktu, jeung tés ahir;

- 6) nyiapkeun pedoman observasi pikeun masing-masing siklus, nu ngawéngku: lembar kaparigelan guru, lembar observasi aktivitas siswa jeung aktivitas kooperatif siswa jeung catatan lapangan siswa jeung guru; jeung
- 7) nyiapkeun bahan ajar atawa matéri pangajaran jeung lembar kerja siswa pikeun masing-masing siklus.

Dina ngararancang panalungtikan anu baris dilaksanakeun, nya éta ngagunakeun Téhnik wawancara sarta métode PTK, ku kituna perlu ayana tahapan panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Ieu tahapan mangrupa siklus PTK.



3.5.2 Tahap Pelaksanaan

Tahap pelaksanaan ieu panalungtikan, dilaksanakeun sakurang-kurangna tilu kali lawungan. Lawungan ka hiji nya éta lawungan pra panalungtikan, lawungan ka dua nya éta nerapkeun siklus ka hiji, jeung lawungan ka tilu nya éta nerapkeun siklus ka dua.

Dina ieu tahap ngawéngku opat léngkah pangajaran nya éta: 1 kagiatan bubuka, 2 kagiatan inti, 3 tahap nguji hasil, jeung 4 kagiatan panutup.

3.5.2.1 Tahap Pelaksanaan Pra Panalungtikan

1) Kegiatan Bubuka

Kegiatan bubuka ngawengku kegiatan guru dina muka pangajaran. Dina ieu kegiatan guru ngabsén siswa sarta ngecék kasiapan siswa pikeun diajar. Nu satuluyna guru méré apersépsi jeung motivasi sangkan siswa getol diajar ogé pangajaran nu dilaksanakeun bisa ngirut panitén siswa dina diajarna

2) Kegiatan Inti

Guru medar inti pangajaran nulis biografi, sedengkeun siswa ngaregepkeun kana naon-naon anu ditepikeun ku guru. Dina ieu kegiatan, siswa dibéré kasempetan pikeun nanya ka guru ngeunaan pangajaran nu teu dipikaharti. Dituluykeun kana sési tanya-jawab.

3) Tahap Ngiji Hasil

Sabada siswa geus ngarti kana bahan pangajaran, siswa dibéré pancén pikeun nulis biografi. Biografi anu ditulis nya éta biografi babaturan sabangkuna. Dina prak-prakanna nulis biografi, siswa teu silih tiron.

4) Panutup

Sabada tés ahir réngsé, guru méré inpormasi ngeunaan matéri nu baris dipedar dina pertemuan salajengna. Kegiatan pamungkas nya éta ngdu'a.

3.5.2.2 Tahap Pelaksanaan Siklus I

Dina tahap pelaksanaan pra panalungtikan, masih kénéh loba bangbaluh dina prak-prakan pangajaran nulis biografi. Tétéla masih kénéh loba siswa anu teu merhatikeun kana naon-naon anu dipedar ku guru. Ku kituna perlu ayana réfléksi

guru dina ngajarkeun nulis biografi ku cara jeung Téhnik anu ngarojong kana kagiatan pangajaran, nya éta maké Téhnik wawancara.

1) Kegiatan Bubuka

Dina ieu kagiatan guru ngabsén siswa sarta ngecék kasiapan siswa pikeun diajar. Nu satuluyna guru méré apersepsi jeung motivasi sangkan ngirut panitén siswa pikeun diajar. Guru medar inti pangajaran anu baris diajarkeun kalawan maké Téhnik sarta penyegaran sangkan siswa teu bosen diajarna.

2) Kegiatan inti

Guru ngabagi kelompok siswa, sakelompok dua urang, hartina sabangku sakelompok. Unggal kelompok sakali séwang kudu ngawaawancara babaturan sabangkuna ngagunakeun prosedur wawancara atawa téks wawancara anu geus disadiakeun. Guru nyindekkeun hasil pangajaran.

3) Tahap Nguji Hasil

Sabada kagiatan kelompok réngsé diayakeun tés ahir. Tés ahir dilakukeun pikeun ningali kamampuh ahir siswa dina nulis biografi. Unggal siswa dibagi lembar jawaban. Dina lembar jawaban ieu siswa diperedih sangkan nuliskeun hasil wawancarana dina wangun biografi. Dipiharep dina prak-prakanna siswa teu gawé babarengan.

4) Panutup

Sabada tés ahir réngsé, guru méré inpormasi ngeunaan matéri nu baris dipedar dina pertemuan salajengna. Kagiatan pamungkas nya éta ngdu'a.

3.5.2.3 Tahap Pelaksanaan Siklus II

Dina pelaksanaan siklus kahiji nu geus dilaksanakeun tétéla masih kénah aya catetan husus ti observer ngeunaan kaayaan atawa suasana di jero rohangan kelas. Masih kénéh aya siswa anu teu taliti dina ngerjakeun pancén nulis biografi sarta masih kurang kondusif siswa di jero rohangan kelas nalika ngarjakeun pancén.

Tina hasil observasi, kurangna kondusif siswa dina ngerjakeun pancén nya éta ayana prakték nyarita (ngawawancara) babaturanana, jadi dina hal ieu guru kudu bisa ngondisikeun siswa sangkan leuwih kondusif.

1) **Kegiatan Bubuka**

Kegiatan bubuka atawa kegiatan awal nya éta pancén pikeun guru dina méré motivasi ka siswa sangkan leuwih resep diajar. Dina hal ieu guru bakal leuwih nekenkeun deui pentingna nulis biografi ku cara maluruh pangrésép siswa, anu dikaitkeun kana kegiatan pangajaran.

2) **Kegiatan Inti**

Tina hasil panalungtikan, nya éta penerapan Téhnik wawancara kana kegiatan nulis biografi, tétéla aya peningkatan tina hasil tés dina pra panalungtikan. Sanajan kitu masih kénéh aya siswa anu kurang nyugemakeun hasilna, ku kituna guru baris nerapkeun deui Téhnik wawancara pikeun ningkatkeun kamampuh nulis biografi.

3) **Tahap Nguji Hasil**

Sabada kegiatan kelompok réngsé diayakeun tés ahir. Tés ahir dilakukeun pikeun ningali kamampuh ahir siswa dina nulis biografi. Unggal siswa dibagi lembar jawaban. Dina lembar jawaban ieu siswa diperedih sangkan nuliskeun

hasil wawancarana dina wangun biografi. Dipiharep dina prak-prakanna siswa teu gawé babarengan.

4) Panutup

Sabada tés ahir réngsé, guru méré inpormasi ngeunaan matéri nu baris dipedar dina pertemuan salajengna. Kagiatan pamungkas nya éta ngdu'a.

3.5.3 Tahap Évaluasi

Tahap évaluasi mangrupa tahap lanjutan tina tahap pelaksanaan. Dina ieu tahap évaluasi, hasil kagiatan siswa dikelas diolah nepi ka meunangkeun hasil. Boh ngeunaan hasil pangajaran, boh hasil kagiatan siswa di jero kelas.

3.5.4 Tahap Observasi jeung Dokuméntasi

Observasi nya éta prosés ngumpulkeun data. Dina ieu tahap panalungtik teu ngalaksanakeun observasi langsung, tapi dibantuan ku salah saurang observer anu marengan panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Data anu baris dipikanyaho nya éta sistematika diajar siswa jeung kinerja guru salila kagiatan di kelas lumangsung. Timimiti bubuka nepi ka panutup pangajaran.

Dokuméntasi mangrupa nimpén data hasil panalungtikan. Dina harti sakabéh kajadian nu aya di sajeroning panalungtikan didokuméntasikeun salaku bahan réfléksi dina panalungtikan saterusna.

3.5.5 Tahap Réfléksi

Sabada observasi jeung dokuméntasi bakal kapanggih naon waé kahéngkérana jeung bangbaluh dina panalungtikan, ku kituna dilaksanakeun réfléksi. Tujuan dina réfléksi nya éta pikeun ngabebenah tindakan nu dilaksanakeun. Upama dina siklus ka-I hasil diajar nulis biografi masih aya nu can tuntas, ku kituna dilaksanakeun pangajaran siklus ka-II.

3.6 Instrumen Panalungtikan

1) Pedoman Observasi

Pedoman observasi anu dilakukeun ku panyusun, nya éta pikeun nalungtik sakabéh kagiatan diajar boh kinerja guru atawa aktivitas siswa salila panalungtikan di kelas ngagunakeun PTK, ti mimiti awal pangajaran nepi ka ahir pangajaran ngeunaan nulis biografi (format obsérvasi dilampirkeun).

2) Tés

Tés nya éta latihan anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa. Ieu tés dilakukeun ku panyusun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis biografi maké téhnik wawancara. Pikeun ngagampangkeun siswa dina ngalaksanakeun wawancarana, kukituna dijieun pedoman wawancara.

Conto Pedoman Wawancara:

Pikeun maluruh informasi anu dibutuhkeun, kukituna disadiakeun pedoman wawancara. Pedoman wawancara ieu dipaké pikeun maluruh informasi babaturanana anu dibutuhkeun ku siswa pikeun ditulis kana wangun riwayat hirup (biografi).

Tabél 3.2
Pedoman Wawancara
Pedoman Wawancara Pangajaran Nulis Biografi
Siswa Kelas X SMA PASUNDAN 1 Bandung

Saméméh nyieun tulisan ngeunaan riwayat hirup babaturan hidep, pék wawancara heula babaturan hidep pikeun meunangkeun informasi anu dibutuhkeun!

No	Nu Ngawawancara	Hasil Wawancara
1	Saha jenengan nu diwawancara?	
2	Saha nénéhna (nama Panggilan)?	
3	Kawit timana?	
4	Tempat ping gumelar (tempat tanggal lahir)?	
5	Putra saha?	
6	Ti sabaraha sadulur?	
7	Padumukan dimana (alamat lengkep)?	
8	Pangalaman Atikan (riwayat Sakola)?	
9	Pangalaman Organisasi sakola?	
10	Pangalaman organisasi luar sakola? (mun aya)	
11	Cita-cita?	
12	Préstasi nu kungsi dihontal?	
13	Kalungguhan?	

Pék jieun hasil wawancara tadi kana wangun riwayat hirup (biografi) ngagunakeun kalimah anu hadé!

Hasil data atawa informasi anu geus kakumpul, ditulis deui dina wangun riwayat hirup (biografi) kalawan maké diksi atawa pilihan kecap anu hadé, sangkan ngajanggélék jadi wangun riwayat hirup anu hadé ogé.

Pikeun ngukur hasil tés nulis biografi, baris ditangtukeun format peunteun nu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh siswa dina nulis biografi, boh dina tés awal, boh dina tés ahir.

Tabél 3.3
FORMAT PEUNTEUN NULIS BIOGRAFI

No	Aspék	Aspék nu Diajén	Peunteun
1	Wangun	Karapihan tulisan	10-20
2	Basa	Diksi (pilihan kecap nu dipaké)	10-20
3	Eusi	Eusi carita (biografi)	10-30
4	Kronologis	Sistematika dina nulis biografi	10-20
Jumlah			90
Peunteun			

Katerangan:

- Skor Idéal = 90

3) Dokuméntasi

Dokuméntasi dipaké pikeung ngumpulkeun data nu mangrupa tulisan atawa gambar salila kagiatan panalungtikan lumangsung. Fungsina nya éta pikeun ngabuktikeun kaayaan kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun.

3.7 Prosedur Ngumpulkeun Data

Dina prosés ngumpulkeun data, panalungtik ngumpulkeun data ngaliwatan hasil-hasil tina kinerja siswa jeung hasil obserfasi. Di antarana nya éta:

- 1) hasil tés awal ngeunaan pangajaran nulis boografi;
- 2) hasil tés dina siklus ka hiji;
- 3) hasil tés dina siklus ka dua;
- 4) hasil tés dina siklus ka tilu (lamun aya);
- 5) pedoman observasi; jeung
- 6) pedoman kuisisionér.

Data nu geus kakumpul satuluyna diolah saluyu jeung prosedur ngolah data.

3.8 Prosedur Ngolah Data

Data-data anu diolah dina ieu panalungtikan ngawengku: cara méré skor atawa peunteun dina tés awal jeung tés ahir, sarta nganalisis pamahaman siswa kana matéri pangajaran.

a) Cara méré skor Tés awal jeung Tés ahir

Cara méré skor tés awal dumasar kana luyu jeung henteuna eusi biografi jeung pedoman wawancara anu aya. Unggal poin dina pedoman wawancara anu dituliskeun kana biografi kalawan kalimah anu hade dibéré nilai (20), lamun aya informaasi tambahan kalawan écés jeung penting dibéré nilai (10). Kriteria ketuntasan minimal (KKM) palajaran basa Sunda di SMA Pasundan 1 Bandung nya éta 67. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun ≥ 67 , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang ti 67 (< 67). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan tabel 3.2 di handap.

Tabel 3.4
Konversi Peunteun

Peunteun	Keterangan
≥ 67	Tuntas
< 67	Can tuntas

b) Analisis Peningkatan Pemahaman Siswa

Data baris ditalungtik sabada data kakumpul. Nganalisis data nya éta kagiatan milah-milah data sarta misahkeun data pikeun ngajawab masalah-masalah nu dirumuskeun dina ieu panalungtikan. Téhnik analisis data anu dipaké nya éta analisis data kualitatif anu ngagunakeun deskripsi, jeung analisis data kuantitatip nya éta néangan rata-rata nilai siswa dina unggal siklus, sarta néangan hasil peningkatan diajar siswa. Peningkatan pemahaman siswa bisa dikategorikeun dumasar indeks *gain*. Harga indeks *gain* bisa di tingali dina tabel ieu di handap:

Tabel 3.5

Hubungan Indeks *Gain* Jeung Kategori Peningkatan Pemahaman

Rentang indeks <i>Gain</i>	Kategori
$(G) < 0,30$	Handap
$0,70 > (G) > 0,30$	Sedeng
$(G) > 0,70$	Luhur

(Sumber: Hake, R nu dicutat ku Lastri, 2010)

Téhnik analisis data nu dilakukeun pikeun nuduhkeun peningkatan pemahaman siswa ditangtukeun dumasar perséntase normalisasi *gain* ngagunakeun rumus:

$$N_{\text{Gain}} = \frac{X_{\text{postes}} - X_{\text{pretés}}}{X_{\text{ideal}} - X_{\text{pretés}}}$$

Dimana:

N_{Gain} : Peningkatan hasil belajar

$X_{\text{postés}}$: Nilai tés ahir

$X_{\text{pretés}}$: Nilai tés awal

X_{ideal} : Nilai ideal

c) Analisis Aktivitas Siswa

Analisis aktivitas siswa bisa diitung ngagunakeun rumus:

$$p = \frac{\sum n_i}{\sum N} \times 100\%$$

Katerangan:

p = Persentase aktivitas

$\sum n_i$ = *Check list* tiap indikator aktivitas

$\sum N$ = jumlah *check List* sakabéh indikator aktivitas.